

KONPRANN MEKANIS FABRIKASYON MIZÈ, DETRÈS PÈP AYISYEN AN AK NESESITE YON SOLIDARITE ENTÈNASYONAL KONKRÈ

Nan moman sa yo, kapitalis mondyal la mete nou anba tout kalite menas ak nouvo defi pou nou leve nan tèt ansanm pou nou kapab sove lavni limanite. Vrèman vre, posiblite pou planèt la detui, frape konsyans tout moun epi fè nou sonje nou tout ap viv sou menm bato a (kriz kowonaviris la ki touche kominote moun nan, pwoblèm rechofman klimatik la, se kèk pami egzanp ki montre aklè sa nou sot di la a). Nan kad sa a, filozòf Marie Claude Blais di « Nan moman mondyalizasyon an, nou dwe plis solidè ... nou gen anpil rezon pou nou pi sansib sou dimansyon mondyal solidarite a ... nou se yon sèl limanite, nou solidè ak tout moun k ap viv sou tè a menm jan nou solidè ak jenerasyon k ap vini yo.¹ »

Nan ka pèp ki nan sitiyoasyon detrès yo, devwa solidarite lòt pèp yo ki pataje menm desten ak nou, se yon nesosite. Jounen jodi a, pèp ayisyen an nan yon kokenn chenn sitiyoasyon detrès, li nan yon sitiyoasyon ensekirite, yon vyolans san parèy, yon sitiyoasyon latèrè ki planifye nan nivo Leta a. Pèp ayisyen an ap tann an ijans, yon solidarite aktiv, ki poko ka rive tout bon, malgre gravite sitiyoasyon l ap viv ladan an. Se poutèt sa, nou lanse yon veritab apèl pou solidaitè entènasyonnal ki depaman ak èd imanitè ki plis sèvi pou lage peyi a pi fon nan twou. Solidarite nou mande a, se solidarite ki chita sou responsablite kolektiv ak lojik youn ede lòt la. Pou pèmèt tout moun nan mond lan, konprann epi konsyan sou nesosite pou yo solidè ak Ayiti, n ap fè yon ti ranmase sou eta sitiyoasyon an.

Depi anviwon 10 lane, anbasad peyi Nò² yo, atravè Core Group³, ak yon bon pati nan boujwazi lokal la mete nan tèt peyi a atravè eleksyon pike kole, yon rejim politik mafya k ap aji dèyè do tout nòm moral ak etik yo. Mak fabrik rejim mafya sa a, se vyole sistematikman dwa fondalnatal popilasyon an (dwa pou moun viv epi viv byen, dwa pou fè sendika ...), bay manti san rete, vòlò lajan peyi a, simaye kòripsyon nan tout kò sosyete a, san bliye pratik sasinay sible, kidnapin, epi òganize masak nan katye popilè yo. Akote tout sa, lòt bagay ki mak fabrik rejim sa a, se tabli gang nan tout peyi a epi òganize yo an federasyon ak konplisite yon moso nan entènasyonnal la epi yon pati nan boujwazi mafya a. Reyalite sa a reprezante yon gwo menas pou prezan ak avni peyi Ayiti.

Nan mwens pase 10 lane, rejim konwonpi Tèt Kale a ak divès lòt dirijan ki pase nan tèt Leta a, piye plis pase 4 milya dola vèt nan fon Petwokaribe a ki rive nan peyi a nan kad yon akò Venezyela te siyen ak Ayiti nan lane 2006 epi ki te koumanse aplike nan lane 2008, san konte lòt lajan yo vòlò nan kès Leta a atravè bidjè nasyonnal⁴ la. Fòk nou sonje kokenn chenn piyaj sa te fèt apre gagòt lajan

¹. ([Marie-Claude Blais](https://www.cairn.info/revue-le-telemaque-2008-1-page-9.htm#), La solidarité, <https://www.cairn.info/revue-le-telemaque-2008-1-page-9.htm#>

². Principalement Les États-Unis, le Canada et la France.

³ Il s'agit d'un regroupement en Haïti composé de la Représentante spéciale des Nations Unies, du Représentant spécial de l'Organisation des États américains, des Ambassadeurs des États-Unis, de la France, du Canada, de l'Union Européenne, de l'Allemagne, de l'Espagne et du Brésil.

⁴. A titre d'exemple, dans plusieurs budgets sous l'administration de Jovenel Moïse – dont celui de 2017-2018 qualifié de criminel par de larges secteurs du pays, des montants de l'ordre de ... % sont répartis sur des rubriques imprécises intitulées « Autres services généraux », « Autres services communautaires » pour faciliter une gestion opaque.

rekonstriksyon Ayiti a ki te gen nan tèt li Komisyon Enterimè pou Rekonstriksyon Ayiti a (CIRH⁵ an fransè), se ansyen prezidan Bill Clinton, ak ansyen premye minis Jean Max Bellerive ki te nan tèt komisyon sa a ki t ap jere fon rekonstriksyon Ayiti a, apre gwo tranbleman tè 12 janvyè 2010 la ki te touye anviwon 300 mil moun epi kraze kay plis pase 1 milyon 500 mil moun. Men, ansyen prezidan Bill Clinton ak ansyen premye minis Jean Max Bellerive, ki t ap dirije CIRH la ak divès lòt mafya lokal ak entènasyonal ki te patisipe nan gagote fon sa a, poko janm rann kont bay pèp Ayisyen an. Sa ki pi grav la, yo ranje zafè yo pou yo pa janm rann kont. Se pou sa, Bill Clinton ak madanm li Hillary Clinton, te jwe yon wòl enpòtan nan mete Joseph Michel Martelly sou pouvwa a kòm prezidan Ayiti (me 2011-fevriye 2016) pou garanti yon enpinite total epi pousuiv piyaj resous peyi a. Se nan menm lojik sa a, ekip mafya lokal ak entènasyonal yo ki te mete Jovenel Moïse sou pouvwa a, ap ranje kò yo pou remete Joseph Michel Martelly sou pouvwa yon lòt fwa ankò, apre depa Jovenel Moïse pou kontinye kenbe enpinite a ak pwosesis piyaj resous peyi a.

Plis pase 10 lane apre tranbleman tè a, pandan kòripsyon kontinye ap taye banda, pwoblèm lojman an ki te youn nan pwoblèm CIRH la te dwe ede rezoud, toujou rete tenn fas. Plizyè milye fanmi kontinye ap viv anba tant ap tann rekonstriksyon dirijan ayisyen yo ak kominote entènasyonal la te bay Bill Clinton ak Jean Max Bellerive responsab la. Anplis sa, paran viktim kolera sòlda Nasyonzini yo te pote nan peyi a nan menm lane tranbleman tè a, poko janm ka jwenn dedomajman, Nasyonzini pa janm vle pran responsablite l sou kesyon sa.

Li enpòtan pou n souliye, popilasyon an ap viv anba yon mizè anraje. Chif sa yo nou bay la pale klè : pami enstitisyon sante ki gen nan peyi a, 46,76% se prive yo ye, 37,21% se piblik epi 16,03% se miks⁶. Nan lopital piblik yo, pèsònèl sante a pa gen ase materyèl pou yo bay popilasyon an yon swen ki gen kalite. Yon lòt kote, pèsònèl sante ki esansyèl pou popilasyon an, se 6,34 pou 10 mil abitan. Kantite sa a, piba lontan pase minimòm Oganizasyon Mondyal Lasante (OMS) bay la ki se 25 pou 10 000 abitan. Pou sa ki konsène kantite kabann lopital yo genyen, Ayiti gen sèlman 6,86 kabann pou 10 mil abitan⁷.

Anplis sa, sitiyasyon an vin pi grav nan nivo edikasyon sou rejim PHTK. Kantite nan bidjè a ki ale nan edikasyon vin pi ba. Li soti nan 17% nan lane 2015, pou li desann nan 9,6% nan lane 2020. Poutan, Leta gen mwens pase 10% lekòl nan yon peyi kote plis pase 70% popilasyon an nan chomaj, kidonk, li pa kapab peye lajan lekòl la ki byen wo anpil fwa. Nan yon sitiyasyon konsa, ledikasyon ki se yon byen komen, vin tounen yon machandiz ki disponib pou moun ki gen lajan pou achte l.

Pandan tan sa a, kondisyon lavi popilasyon an pa sispann degrade sitou ak dezangajman Leta a, ouvèti mache a, degradasyon goud la ki se lajan peyi a, ogmantasyon pri pwodui premye nesosite yo ki vin koute anviwon 3 fwa plis kòb. Plis pase 6 milyon moun sou yon popilasyon 12 milyon ap viv nan

5. Commission Intérimaire pour la Reconstruction D'Haïti (après le séisme dévastateur du 12 janvier 2010), co-présidée par l'ex président états-unien Bill Clinton et le premier ministre haïtien d'alors, Jean Max Bellerive. L'ex président Clinton a joué un rôle de premier plan dans la mise en place en Haïti du régime au pouvoir.

6. Ministère de la santé publique et de la population (MSPP), *Liste des institutions sanitaires du pays*, avril 2015.

7. MSPP, *Rapport statistique 2016*, octobre 2017.

ensekirite alimantè. Chomaj, povrete, kòripsyon, represyon ak vyolasyon sistematik dwa elemantè popilasyon an k ap grandi chak jou pi plis, bay anpil kè sote. Mete sou sa, gen yon enskirite planifye, masak leta k ap fèt nan katye popilè yo ki lakoz plizyè dizèn frè ak sè nou ap mouri anba bal.

Fòk nou note, diferan masak ki fèt nan katye Lasalin, Tokyo, Kafoufèy, Bèlè, Pon Wouj, Site Solèy, Shada 2 nan Okap ak lòt ankò, te reyalize ak konplisite alye lokal ak entènasyonal pouvwa anplas la ki pwofite pou tabli gang ame nan tout departman nan peyi a. Sa ki dwòl la, sitiasyon malouk sa a ki vin angrave ak kriz kowonaviris la pa janm atire atansyon reprezantan espesyal Nasyonzi an Ayiti a, Helen Meagher La Lime epi li chwazi pa rapòte zak ak krim sa yo nan « rapò » li prezante 19 jen ki sot pase a devan Konsèy Sekirite Nasyonzi an. Frédéric Thomas te denonse silans konplis sa a nan yon atik ki gen pou tit « **HAÏTI ET LA COMMUNAUTÉ INTERNATIONALE : ENTRE DÉNI ET COMPLICITÉ** », ki parèt nan dat 2 jiyè 2020 (Centre tricontinental (**CETRI**)⁸). Li deklare : « *Mwens pase yon mwa apre masak Pon Wouj la, Helen La Lime pale sou gany misyon Nasyonzi pote Ayiti nan zafè sekirite ak devlopman pandan 15 dènye lane yo, apre anpil jefò* ». Li di toujou « *Tandans sa a Lalime genyen pou fèmen je l sou ogmantasyon povrete (ki frape plis pase 59% popilasyon an), ogmantasyon enskirite, kòripsyon ak lavi chè a sonnen tankou yon kalòt nan figi Ayisyèn ak Ayisyen yo* ».⁹

Epi tou, diferan rapò òganizasyon dwa moun yo di aklè, se otorite ki nan piwo nivo nan Leta a ak bandi k ap travay pou pouvwa kriminel, konwonpi PHTK a ki òganize masak yo. Dapre yon rapò ankèt òganis dwa moun RNDDH¹⁰, ki soti nan dat 23 jen 2020, ekip ki sou pouvwa a òganize gang yo ak alye yo, nan yon federasyon ki pote non *G9 an fanmi ak alye*. Lajistis mete manda dèyè kèk chèf gang¹¹ pou patisipasyon yo nan masak nan katye popilè yo, men pa gen okenn suivi ki fèt ak manda sa yo, akoz bwa bandi yo gen dèyè bannann yo. Dapre rapò sa a, chèf gang sa yo gen machin blende lapolis la nan men yo pou yo fè masak sou popilasyon an. Yon lòt enstitisyon dwa moun ki se FJKL¹² konfime nan yon rapò ki soti nan dat 22 jen 2020, gen bonjan relasyon ant gang yo ak otorite ki nan Leta a. Dapre rapò sa a, konstriksyon gang yo fè pati yon estrateji elektoral, ki vize kenbe rejim PHTK a sou pouvwa a. N ap fè konnen, gen 2 dirijan nan rejim PHTK a ki se Pierre Richard Duplan (ansyen delegé departman lwès¹³) ak ansyen direktè jeneral Ministè enteryè ak kolektivite teritoryal, Fednel Monchery, ki gen non yo site nan rapò a kòm otorite ki enplike nan masak ki te fèt Lasalin nan nan mwa novanm 2018. Menm jan ak chèf gang Jimmy Chérisier, 2 dirijan sa yo jwenn pwoteksyon rejim

⁸ Le Centre tricontinental (**CETRI**), organisation non gouvernementale basée à Louvain-la-Neuve (Belgique), est un centre de recherche, de publication et de documentation sur le développement et les rapports Nord-Sud. Le **CETRI** a pour objectif de faire entendre des points de vue du Sud et de contribuer à une réflexion critique sur les conceptions et les pratiques dominantes du développement ...

⁹Ibid

¹⁰ Réseau National De Défense Des Droits Humains (<http://rnddh.org/>, rnddh@rnddh.org), « Attaques contre les quartiers défavorisés : Le RNDDH exige la fin de la protection des gangs armés par les autorités au pouvoir », 23 juin 2020.

¹¹ Parmi lesquels, Jimmy Chérisier, un ancien policier qui fait l'objet d'un mandat d'arrestation. Ce chef de gang est identifié comme l'un des auteurs du massacre de La Saline, de concert avec Pierre Richard Duplan (le Délégué d'alors du département de l'Ouest) et Fednel Monchéry (le Directeur général d'alors du Ministère de l'intérieur et des collectivités territoriales).

¹² Fondasyon Je Klere (<https://fjkl.org.ht/>), « Terreur dans les quartiers populaires / Pont Rouge au cœur d'une stratégie électorale macabre : La Fondasyon Je Klere (FJKL) tire la sonnette d'alarme », 22 juin 2020.

¹³ Le Délégué départemental est le représentant du Président de la République dans le département. Quant aux Directeurs généraux, ils sont directement nommés par le Président.

PHTK a ki lakoz yo pa janm jwenn arestasyon yo. Frédéric Thomas ale nan menm sans la pou li di: « Jou ki te 13 novanm 2018 la, gang ak zam, ki mare sosis yo ak otorite leta yo, òganize yon masak nan yon katye popilè nan Pòtoprens ki rele Lasalin kote 59 moun mouri. Rapò Nasyonzini ak rapò òganizasyon dwa moun Ayiti lonje dwèt sou responsablite pouvwa a. Men tout ankèt bloke, vyolans ap anvlimen epi banalize. Mete sou sa, prensipal òganizatè masak sa a, ansyen polisye Jimmy Cherizier alyas Babekyou, ap reskonsab yon nouvo masak ».¹⁴

Fòk nou konnen asasen pouvwa a kontinye ap simen dèy san kè sote, nan enpinite total. Dènye ka sasinay ki fèt youn dèyè lòt yo, temwaye reyalite sa a. Nan sware 28 dawout 2020 an, bandi asasinan Batonye lòd avoka yo nan pòtoprens, Me Monferrier Dorval, nan lakou lakay li, nan zòn bò kay prezidan enkilpe Jovenel Moïse. Yon jou apre, bandi yo tounen nan sèn krim nan ki te deja anba kontwòl lajistis, pou yo pran sa yo bezwen. Sa ki fè anpil moun ap mande tèt yo kouman yon seri bandi fè rantrè nan yon zòn ki tou pre kay prezidan an, pou yo fè yon krim epi yo rive ale san kè yo pa sote ? Yon jou anvan sa, gen 3 moun, pami yo te gen 2 komèsan ak yon animatè radyo bandi te asasinan nan yon distans ki pa lwen ant yo. Nan ka ki konsène Batonye Dorval la, eske asasen yo te benefisyè pwoteksyon pouvwa a menm jan ak Jimmy Cherizier oubyen yo te nan misyon kòmande?

Dapre sa anpil moun konprann, krim sa a sanble ak yon krim Leta a planifye menm. Yon sous pwòch Batonye a ki pa vle yo site non l pou li pa viktim, deklare bay ajans prèz sou entènèt Rezonòdwès : « Palè Nasyonal te kontakte Mèt Dorval, men li te refize voye yon reprezantan Bawo a nan Konsèl Elektoral Pwovizwa a¹⁵ ». *Li kontinye pou l di « Jovenel Moïse te fache paske Mèt Monferrier Dorval pat vle patisipe nan mete kanpe yon KEP ki monte dèyè do konstitisyon an »¹⁶* Eske se refi sa a ki lakoz asasinay li ? Men, malgre tout sa, pouvwa sa a toujou jwenn apui Core Group la, Nasyonzini ak gouvènman ameriken sitou.

Anfas sitiyasyon konplisite lawont sa a ant yon pati nan kominote entènasyonal la ak pouvwa konwonpi, kriminèl PHTK a ki fè popilasyon an ki deja nan tèt chaje anpil mal, ki lakoz anpil moun mouri, lotè atik la mande tèt li : « Konbyen masak ki pou fèt pou leve mask endiferans la, pou yo rekonèt atravè tèt ki koupe yo ak kò ki boule yo, miwa diplomasi entènasyonal la ? *Pou laprès ka pale sou sa, pou opinyon piblik la leve kanpe, pou politik yo chanje ? »*

N ap fè konnen anpasan, atitid rayisman, rasis oubyen endiferans ansyen pisans esklavajis, kolonyal ak rasis yo ki vin pisans enperyalis jounen jodi a, gen pou wè ak laperèz epi rayisman istorik yo gen kont nou apre plis pase 2 syèk. Nan sans sa a, Josué MERILIEEN estime « Triyonf revolisyon 1804 la ki akouche Leta Ayisyen an epi ki mete bout nan sistèm esklavajis la, sistèm eksplwatasyon ak dominasyon an, make listwa limanite. *Kokenn chenn evennman sa a, sèten moun wè kòm pi gwo evennman 19vyèm syèk la, te bay pisans esklavajis, kolonyal ak rasis yo anpil kè sote, se pou sa yo te mete tèt yo ansanm kont Leta tounèf sila a. Pisans sa yo te konsidere prezans Ayiti nan konsè nasyon yo tankou yon menas pou yo konbat tout jan »¹⁷.*

¹⁴ Ibid

¹⁵ <https://rezonodwes.com/2020/08/29/monferrier-dorval-aurait-categoriquement-refuse-a-jovenel-moise-lenvoi-de-tout-representant-au-sein-de-son-cep-dermalog-illegal-inconstitutionnel/>

¹⁶ Ibid

¹⁷ Josué Mérilien, Haïti, Education à la citoyenneté : Enjeux et perspectives, ed. Les Engagés, Rotterdam, 2018, p.176

Nan sans sa a, lide ki fè kwè Ayiti ta reprezante yon danje a kontinye fè chimen li epi motive konpòtman rayisab, defavorab, ensansib yon bon pati nan entènasyonal la kont Ayiti. Ricardo Seitenfus, ansyen reprezantan OEA nan peyi Ayiti, te montre li byen konprann reyalite sa a lè li ekri : « Istorikman, yo toujou wè Ayiti kòm yon menas, pou yon pati nan sistèm entènasyonal la. *Se pou sa, rapò rès mond lan ak Ayiti chita sou lafòs olye li chita sou dyalòg*¹⁸. »

Christiane TAUBIRA mete anpil aksan sou kokenn chenn endiferans sa a, lè li montre kisa Ayiti reprezante pou mond lan, an patikilye pou nwa yo « Se pa pou mwèn sèlman Ayiti te louvri chimen pou yon mond ki chita sou jistis ak fratènite. Se pou tout nwa yo, ki wè nan Ayiti premye Repiblik Endepandan, ansyen esklav yo rache anba grif pisans kolonyal yo. *Se yon kado pou tout mond oprime yo k ap chache referans ak modèl nan yon inivè ki non sèlman kanpe ankwa, men tou, jan Frantz Fanon di l, ki vle pase bèl istwa sa a anba pye, pou sal li, pou defigire l.*¹⁹ »

Istoryen Fransè, Jean-Pierre Le Glaunec, otè liv « *L'armée indigène : la défaite de Napoléon en Haïti* », poze tèt li kesyon sou jan yo pase chifon sou gwo batay Vètyè 18 novanm 1803, kote zansèt nou yo te kale lame fransè a byen kale epi abouti ak endepandans peyi a nan lane 1804. Istoryen an fè konnen, pwosesis mete Ayiti sou kote a vin posib lè yo chwazi volontèman pa pale nan liv istwa yo, sou gran moman nan istwa peyi a, patikilyèman batay Vètyè a, ki make selon istoryen an vikwa dwa pou moun viv, libète sitwayen yo, dwa moun anjeneral. Poutan, nan peyi yo rele peyi dwa moun yo, yo fèmen je nèt sou batay Vètyè a pou maske echèk lame Napoléon an nan peyi a. Istoryen an kontinye pou li di : « Mo Vètyè a se yon mo ki pa egziste nan istwa ak memwa fransè yo ... yo fè silans sou gwo kal yo te pran Vètyè a, yo efase l ... sa se yon eskandal... »²⁰

Menm jan yo pase chifon sou veritab batay zansèt nou yo pou maske kokenn chenn istwa sa a, se menm jan an tou, yo gen fèm volonte pou maske reyalite n ap viv jounen jodi a, nan bay move enfòmasyon oubyen bloke tout vrè enfòmasyon sou sityasyon revòltan n ap viv la. Sa fèt pou anpeche rès mond lan byen konprann sa k ap pase nan peyi a, pou anpeche mond lan byen konprann responsablite pisans enperyalis yo ak elit lokal yo nan sityasyon makawon, sityasyon detrès pèp Ayisyen an pou anpeche lòt pèp yo fè yon veritab solidarite ak peyi a.

Nan sans sa a, gwo pisans nan entènasyonal la ranje kò yo pou yo gen silans konplis gran près entènasyonal yo ki pa bay yon seri enfòmasyon enpòtan sou sa k ap pase nan peyi a. Kidonk, travay pou ranvèse tandans sa a epi defini lòt tip rapò ak entènasyonal la pou pèmèt Ayiti pran vrè wout li, se yon nesosite, nan kad solidarite konkrè n ap pale a. Paske solidarite sa a, se yon kondisyon enpòtan pou Ayiti pran vrè kap li.

Se nan menm sans sa a, Frédéric Thomas lonje dwèt li sou responsablite gwo pisans nan kominote entènasyonal la, nan sityasyon vyolans planifye, nan dram pèp Ayisyen an k ap lite pou kondisyon lavi li chanje. Pèp Ayisyen an deja mennen anpil konba pou soti anba rejim konwonpi, kriminel PHTK ak anba sistèm konwonpi sa a ki tabli kont popilasyon an, k ap sèvi enterè yon bon pati nan kominote entènasyonal la ak boujwazi mafya a, ki vle kenbe sistèm pezesouse a nenpòt jan epi eseye anpeche batay pèp Ayisyen an rive nan

¹⁸ Ricardo Seitenfus, L'échec de l'aide internationale à Haïti, Dilemmes et égarements, ed de l'Université d'Etat d'Haïti, P-au-P, 2015, p. 25

¹⁹ www.cadtm.org/Lettre-de-Christiane-Taubira-au-Peuple-d-Ayiti

²⁰ <https://parolenarchipel.wordpress.com/2014/11/13/lhistoire-meconnue-de-la-defaite-de-napoleon-en-haiti-tv5monde/>

bout li. Se pou sa Frédéric Thomas di : « Entènasyon la se youn nan mayon ki pi fò nan chenn enpinite a nan peyi D Ayiti. *E se pa ak nouvo lo kas ble ni èd imanité yo ka wete responsablité sa a sou tèt yo. Vyolans ki gen koulye a se gouvènman an menm ki planifye l ki ba li tete epi gouvènman sa a t ap tonbe deja anba presyon lari a, si li pat gen bwa « kominiteentènasyon » la dèyè bannann li ».*

Li enpòtan pou nou fè w sonje, kokenn chenn mouvman leve kanpe 6, 7 ak 8 jiyè 2018 yo, plizyè gwo manifestasyon oktòb ak novanm 2018 la, ki te rasanble anviwon 3 al pou 4 milyon manifestan. Jèn Petwochalenjè yo te vin ranmase kokenn chenn mobilizasyon sa yo, yo te mobilize toupatou nan peyi a kont kòripsyon, masak nan katye popilè yo, kont krim k ap fèt yo epi pou mande depa prezidan enkilpe Jovenel Moise ak jijman kriminèl rejim PHTK a.

Jounen jodi a, anfas popilasyon an ki kontinye ap mande pi bon kondisyon lavi : jistis, libète lapawòl, sekirite, arestasyon vòlò yo, respè pou lavi moun ak lòt dwa fondamantal yo elatriye, ekip mafya ki sou pouvwa a, tabli yon vyolans sistematik sou popilasyon an. Nou ka pran kòm egzanp, represyon sovaj lapolis fè nan moman manifestasyon yo ak 8 arestasyon ilegal lapolis te fè nan manifestasyon 18 me 2020 an, yon manifestasyon divès òganizasyon te fè kont kòripsyon, grangou, ensekirite ak move jesyon kriz kowonaviris la. Apre sa, nou ka pran egzanp represyon sovaj lapolis te fè nan dat 29 jen, nan sitin gwoup *petwochalenjè*²¹ “Nou Pap Dòmi” te fè devan Ministè Lajistis san nou pa bliye fason lapolis te kraze ak britalite, mobilizasyon anseyan, petwochalenjè ak lòt òganizasyon sendikal te òganize nan dat 6 ak 7 jiyè 2020 an. Alòske, nan dat 7 jiyè a, bandi ak gwo zam fannfwa te defile nan divès ri nan kapital la, san kè sote, anba je konplis lapolis ak ajan Nasyonzini yo.

Sa pèmèt nou konkli, ekip PHTK ki jwenn soutyen BINUH ak Core Group²² planifye pou plonje popilasyon an nan yon sityasyon lanfè san parèy. Men, pèp Ayisyen an pa dakò fè ni apranti diktatè Jovenel moise, ni alye mafya li yo, kado respè dwa fondamantal li yo.

Oganizasyon dwa moun lokal ak entènasyon yo, òganizasyon sendikal, politik, sosyal ak popilè nan tout mond lan, pèsonalite entènasyon ki sansib pou dwa ak enterè pèp yo, militan entènasyonalis, Pri Nobèl lapè, pèsonalite politik ak entèlektyèl nan tout mond lan, reprezantan Wo Konsèy Koperasyon ak Solidarite entènasyon, pèp k ap lite,

Pèp Ayisyen an antann kontinye jouk nan bout batay lejitim pou sove peyi a. Li konte nan sans sa a, sou solidarite konkrè nou tout epi mande w pran pozisyon sou sityasyon malouk, pèp Ayisyen an ap viv chak jou a. Jan Desmond Tutu di li a « *Si w net nan sityasyon enjistis, ou chwazi kan opresè yo paske netralite a toujou ede opresè yo, men li pa janm nan enterè viktim yo* ».

Nan non prensip **solidarite entènasyon** la, nou envite w konsidere sityasyon grav kote dwa moun pa respekte, kote enjistis, enpinite, rapò miwo miba leta planifye ak represyon sistematik ap taye banda, pou pran yon seri inisyativ solidarite anfavè pèp ayisyen an ki kapab gen ladan, kanpay enfòmasyon sou sityasyon Ayiti a, lèt denonsyasyon, sitin devan anbasad peyi ki nan Core Group la...

21. C'est le nom réclamé par des acteurs et actrices d'un vaste mouvement citoyen lancé en août 2018 à la suite d'un hashtag posté sur les réseaux socio-numériques par un cinéaste sous le nom de « PetroCaribeChallenge » demandant où est passé l'argent du PetroCaribe.

22. C'est le nom d'un regroupement en Haïti composé de la Représentante spéciale des Nations Unies, du Représentant spécial de l'Organisation des États américains, des Ambassadeurs des États-Unis, de la France, du Canada, de l'Union Européenne, de l'Allemagne, de l'Espagne et du Brésil.

Pèp Ayisyen an nan yon sitiyasyon detrès anraje. Menm jan ak George Floyd, li gen pye gouvènman Donald Trump la sou kou li. Administrasyon ameriken an ap aji atravè Mme Michèle J. Sison, Anbasadris ameriken nan peyi a, gen pye Nasyonzini, k ap aji atravè ameriken Helen Meagher La Lime, ki se reprezantan Nasyonzini nan peyi Ayiti epi gen pye lòt manm Core Group yo. Kidonk, pèp la bezwen an ijans, solidarite pèp frè yo ak tout moun ki gen bonjan volonte pou anpeche li toufe.

Pèp frè nou yo, Pèrsonnalite, militan entènasyonalis, reprzentan òganizasyon sendikal, sosyal, atis ki nan tout mond lan, pèp ayisyen an mande sekou : *opresè nou yo soti pou toufe nou* ... Endiye epi angaje w ! Aji kounye a menm anvan pita pi tris !